

**NILAI-NILAI PIWULANGAN BUDI PAKARTI  
SALEBETING ANTOLOGI GEGURITAN *MUNG AKU LAN SLIRAMU*  
ANGGITAN YAN TOHARI  
KINARYA BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING SMP**

**TESIS**

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister  
Program Studi Pendidikan Bahasa**



**Kaanggit dening**

**Eko Wahyudi  
NIM 2081100022**

**PROGRAM PASCASARJANA  
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

**2022**

PASARUJUKAN

NILAI-NILAI PIWULANGAN BUDI PAKARTI  
SALEBETING ANTOLOGI GEGURITAN *MUNG AKU LAN SLIRAMU*  
ANGGITAN YAN TOHARI  
KINARYA BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING SMP

Dening

Eko Wahyudi  
NIM 2081100022


Sampun pikantuk pasarujukan dening Pamong

Pamong 1

Tapak Asma


Tanggal

Dr. Basuki, M.M  
NIP. 19540312 198003 1 003



4-8-22

Pamong 2



4-8-22

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum .....  
NIP. 19600412 198901 1 001



Kauningan,

Ketua Program Studi

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum

NIP. 19600412 198901 1 001



PANGESAHAN





NILAI-NILAI PIWULANGAN BUDI PAKARTI  
SALEBETING ANTOLOGI GEGURITAN MUNG AKU LAN SLIRAMU  
ANGGITAN YAN TOHARI  
KINARYA BAHAN AJAR PASINAON BASA JAWI ING SMP

Dipunanggit dening:

Eko Wahyudi


NIM 2081100022

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum NIP. 19600412 198901 1 001		
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum NIP. 19650421 198703 2 002		
Penguji I	Dr. Basuki, M.M NIP. 19540312 198003 1 003		
Penguji II	Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP. 19600412 198901 1 001		31/8/2022




Direktur Program Pascasarjana

  
Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum  
NIP. 19591004 198603 1 002

Kauningan,

Ketua Program Studi

  
Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum  
NIP. 19600412 198901 1 001



## PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Eko Wahyudi

NIM : 2081100022

Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa/ Pascasarjana

Fakultas : Program Magister

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun

Judul : **NILAI-NILAI PIWULANGAN BUDI PAKARTI  
SALEBETING ANTOLOGI GEGURITAN *MUNG  
AKU LAN SLIRAMU* ANGGITAN YAN TOHARI  
KINARYA BAHAN AJAR PASINAON BASA  
JAWI ING SMP**

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih punika batalipun *gelar* Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 4 Agustus 2022

Ingkang damel pratela



Eko Wahyudi

## **MOTTO**

*“Karena sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan. Sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan.”*

### **Al Qur'an Surat Al-Insyirah Ayat 5-6**

Wis lerema  
Wayaha wis surup  
Becik meneng tidhem sawetara  
Rungokna gemruduge prahara  
Kinemulan candhik ala  
Menenga kanggo nggedhekake  
Duga lan rumangsa

**Gurit “Wis”**

**Eko Wahyudi (Antologi *Lathi*, 2020)**

## PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisusungaken dhumateng:

1. Semah kula Tri Astuti lan anak-anak kula; Zidan Az Zuhdi, Nisrina Kinanti Putri Azkia, lan Raihan Fathin Aqilah ingkang tansah asung panjurung
2. Bapak Senen Rahardjo lan Ibu Suparti (almh) minangka patuladhan
3. Bapak Djamingan lan Ibu Setyowati (almh) marasepuh minangka pangampinging lampah.
4. Sdr. Yan Tohari, minangka panjurung utama lan penggurit buku *Mung Aku lan Sliramu* ing Karangdawa Klaten
5. Para kadang guru basa Jawa lan pengurus MGMP SMP Kabupaten Kebumen,
6. Para kadang ing kelas K Progam Pascasarjana Unwidha (2020)

## ATUR PANGANTAR

Puji sukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Pengeran Inggang Maha Kawasa, karana lubering sih nugraha inggang agung wujud kekiyatan satemah ndayani panliti saged nyekapaken tesis inggang irah-irahanipun *Nilai-Nilai Piwulangan Budi Pakarti Salebeting Antologi Geguritan Mung Aku Lan Sliramu nggitan Yan Tohari Kinarya Bahan Ajar Pasinaon Basa Jawi Ing SMP*. Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Pogram Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Panliti ngaturaken gunging panuwun inggang tanpa pepindhan katur dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma Klaten inggang sampun paring fasilitas lan kalodhangan ndherek sinau ing Pogram Pascasarjana Unwidha Klaten.
2. Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum, Direktur Program Pascasarjana Widya Dharma Klaten, inggang sampun paring idi lan kalodhangan ngadani panaliten.
3. Dr. D. B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Prgram Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ugi minangka dosen pamong 2 inggang paring panjurung nyekapaken tesis punika.
4. Dr. Basuki, M.M, minangka dosen Pamong 1, inggang tansah paring panjurung nyekapaken tesis punika.

5. Dr. Hersulastuti, M.Hum, sekretaris Program studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang paring panjurung satemah tesis punika saged cekap.
6. Bapak saha Ibu Dosen Pogram Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang paring wawasan lan kawruh minangka sangu ngadani panaliten punika.
7. Bapak Edi Sucipto, SPd dan Bapak Sapto Wimartono, ST M.Kom, Kepala SMPN 1 Karangsembung Kebumen ingkang paring kalodhangan ndherek sinau ing Pogram Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
8. Para mitra guru basa Jawa lan kadang pengurus MGMP Basa Jawa SMP Kabupaten Kebumen, utaminipun bapak H Sihabudin MPd, Bapak Drs. Rusman, Bapak Ngabdan, lan Bu Yum Mustafidah ingkang tansah paring pamrayogi menggah cekapipun tesis punika.
9. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebat asma setunggl mbaka setunggal ingkang sampun mbiyantu cekapipun tesis punika.

Panaliti nglenggana bilih panaliten punika taksih kathah kekiranganipun, namung mekaten, ing pangajab sageda dados udhu sinaosa namung klungsu menggah piwulangan basa Jawi mliginipun materi geguritan.

Kebumen, 2 Agustus 2022

Paniti



## DHAFTAR ISI

JUDHUL .....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PENGESAHAN .....	iii
PRATELA .....	iv
MOTTO .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
ATUR PANGLANTAR .....	vii
DHAFTAR ISI .....	ix
DHAFTAR LAMPIRAN .....	xii
SARIPATHI .....	xiii
<i>ABSTRAK</i> .....	xiv
<i>ABSTRACT.</i> .....	xv
<b>BAB I PURWAKA</b> .....	1
A. Lelarahaning Prakawis .....	1
B. Idhidentifikasi Prakawis .....	7
C. Pumusaning Prakawis .....	8
D. Ancas Tujuwaning Panaliten .....	8
E. Mumpangating Panaliten .....	9
<b>BAB II LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGGANG GAYUT, LAN RAGANGAN PAMIKIR</b> .....	11

A. Lambaran Teori .....	11
1. Piwulangan Budi Pakarti .....	11
2. Geguritan .....	15
3. <i>Heuristik lan Hermeneutik</i> .....	17
4. Piwulangan Apresiasi Sastra Jawa .....	21
5. Nilai Watak Budi Pakarti salebeting Piwulangan Sastra Jawa .....	26
B. Panaliten ingkang Gayut .....	27
C. Raganganing Pamikir .....	31
<b>BAB III METODOLOGI PANALITEN .....</b>	<b>33</b>
A. Objek lan Wekdaling Panaliten .....	33
B. Wujud lan Strategining Panaliten .....	33
C. Jinising Dhata lan Sumbering Dhata .....	34
D. Teknik Ngempalaken Dhata .....	34
E. Validitas Dhata .....	36
F. Teknik Pangonceking Dhata .....	37
G. Jadwal lumaksananing panaliten .....	40
<b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGONCEKIPUN.....</b>	<b>41</b>
A. Asiling Panaliten .....	41
1. Nilai-nilai Piwulangan Budi Pakarti Geguritan ing Antologi <i>Mung</i> <i>Aku lan Sliramu</i> .....	41

2. Slarasipun Nilai-nilai Budi Pakarti Geguritan ing Antologi <i>Mung Aku lan Sliramu</i> minangka bahan ajar pasinaon basa Jawi tumrap siswa tataran SMP .....	90
B. Pangonceking nilai-nilai budi pakarti <i>Gurit Mung Aku lan Sliramu</i> .....	95
1. Pangonceking nilai-nilai budi pakarti <i>Gurit Mung Aku lan Sliramu</i> .	95
2. Pangonceking dhata wawanrembag nyengkuung slarasipun buku minangka bahan ajar pasinaon basa Jawa .....	102
<b>BAB V PANUTUP</b> .....	<b>103</b>
A. Dudutan .....	103
B. Implikasi .....	104
C. Saran .....	105
<b>KAPUSTAKAN</b> .....	<b>107</b>
<b>LAMPIRAN</b> .....	<b>110</b>



## DAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1 dhata geguritan buku antologi geguritan <i>Mung Aku lan Sliramu</i> anggitan Yan Tohari .....	106
Lampiran 2 dhata geguritan ingkang dipunpilih dados dhata panaliten .....	110
Lampiran 3 gambar samak buku antologi geguritan <i>Mung Aku lan Sliramu</i> anggitan Yan Tohari .....	155

## SARIPATHI

**Eko Wahyudi, 2081100022, Nilai-Nilai Piwulangan Budi Pakarti Salebeting Antologi Geguritan Mung Aku Lan Sliramu Anggitan Yan Tohari Kinarya Bahan Ajar Pasinaon Basa Jawi Ing Smp, Tesis: Progam Pascasarjanan Universitas Widyadharma Klaten. 2022.**

Rancanganing prakawis panaliten punika: (1) kados pundi nilai-nilai piwulangan budi pakarti ingkang wonten salebting buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari, (2) punapa buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari saged dipunginakaken minangka bahan ajar pasinaon basa Jawi tumrap siswa tataran SMP.

Lambaraning teori ing panaliten inggih punika piwulangan budi pakarti, pangertosan geguritan, pamaosing Heuristik lan hermeneutik, lan piwulangan sastra Jawa.

Metode ingkang dipunginakaken inggih punika panaliten *kualitatif deskriptif* inggih punika kegiatan ingkang nggatosaken kanthi tliti bab ewah gingsiring basa ing wekdal-wekdal tinamtu ingkang asipat gegambaran. Pendekatan ingkang dipunginakaken inggih punika maos geguritan kanthi *heuristic lan hermeneutik*.

Dhata ingkang kapanggihaken inggih punika geguritan 45 (sekawandasa gangsal) judhul saking 112 judhul ing buku *Mung Aku lan Sliramu* anggitanipun Yan Tohari. Dhata kasebat lajeng dipunanalisis ngginakaken pamaosing Heuristik lan hermeneutik.

Adhedhasar pangocekipun dhata, saged dipunpendhet dudutan bilih geguritan ing salebting antologi kasebat ngandhut nilai-nilai budi pakarti ingkang slaras kaliyan *Program Penguatan Pendidikan Karakter*. Nilai-nilai budi pakarti ingkang dipunkajengaken ndherek dhata saking Kemdikbud ingkang ngemot 18 (wolulas) nilai budi pakarti inggih punika; Nilai religius wonten 10 dhata. Nilai jujur wonten 8 (wolu) dhata. Nilai tepa slira wonten 3 (tiga) dhata. Nilai mituhu dhawuh (*disiplin*) wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai greged lan sengkud tandang kridha wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai mekar ngulir budi wonten 6 (nem) dhata. Nilai mandhireng pribadi wonten 5 (gangsal) dhata. Nilai tarbuka nalar lan kridha (*Demokratis*) wonten 5 (gangsal) dhata. Nilai raos kepengin mangertosi samukawis wonten 3 (tiga) dhata. Nilai nasionalis wonten 3 (tiga) dhata. Nilai tresna tanah wutah getih wonten 3 (tiga) dhata. Nilai ngajeni prestasi wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai tanggaping sasmita wonten 3 (tiga) dhata. Nilai remen lan tresna katentreman wonten 3 (tiga) dhata. Nilai remen maos wonten 3 (tiga) dhata. Nilai preduli dhateng lingkungan wonten 3 (tiga) dhata. Nilai preduli dhateng sesami wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai tanggel jawab wonten 3 (tiga) dhata. Buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari ngandhut nilai-nilai budi pakarti ingkang slaras kaliyan program *Penguatan Pendidikan Karakter* cacah 18 (wolulas) perangan. Pramila buku kasebat saged dipunginakaken kangge bahan ajar piwulangan basa lan sastra Jawa materi geguritan.

**Wosing tembung: nilai-nilai budi pakarti, geguritan, heuristic lan hermenutik**

## ABSTRAK

**Eko Wahyudi, 2081100022, Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Dalam Antologi Geguritan Mung Aku lan Sliramu Karya Yan Tohari Sebagai Bahan Ajar Pembelajaran Bahasa Jawa Di SMP, Tesis: Progam Pascasarjana Universitas Widyadharma Klaten. 2022.**

Rancangan permasalahan dalam penelitian ini adalah (1) bagaimana nilai-nilai Pendidikan karakter yang terdapat dalam buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* karya Yan Tohari, (2) apakah buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* karya Yan Tohari dapat digunakan sebagai bahan ajar dalam pembelajaran bahasa dan sastra Jawa di SMP.

Landasan teori yang digunakan adalah pembelajaran nilai-nilai Pendidikan karakter, pengetahuan geguritan, pembacaan heuristik dan hermenutik, dan pembelajaran sastra Jawa.

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah penelitian kualitatif deskriptif, yaitu kegiatan mengamati dan menganalisis secara cermat tentang fenomena bahasa pada kurun waktu tertentu yang bersifat deskriptif. Pendekatan yang digunakan adalah melalui pembacaan heuristik dan hermenutik.

Data yang ditemukan berupa geguritan sebanyak 45 (empatpuluh lima) judul dari 112 judul. Data tersebut lalu dianalisis menggunakan pembacaan heuristic dan hermenutik yaitu memberi pemaknaan geguritan berdasarkan kira-kira atau “tafsir”. Berdasarkan analisis data dapat disimpulkan bahwa buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* karya Yan Tohari. Mengandung nilai-nilai karakter sesuai dengan program Penguatan Pendidikan Karakter sejumlah 18 (delapan belas) nilai. Nilai-nilai tersebut adalah Nilai religius 10 (sepuluh) dhata. Nilai jujur 8 data. Nilai toleransi 3 (tiga) data. Nilai disiplin 4 (empat) data. Nilai semangat dan kerja keras 4 (empat) data. Nilai kreatif 6 (enam) data. Nilai mandiri 5 (lima) data. Nilai Demokratis 5 (lima) data. Nilai rasa ingin tahu 3 (tiga) data. Nilai nasionalis 3 (tiga) data. Nilai cinta tanah air 3 (tiga) data. Nilai menghargai prestasi 4 (empat) data. Nilai komunikasi 3 (tiga) data. Nilai cinta damai 3 (tiga) data. Nilai suka membaca 3 (tiga) data. Nilai peduli lingkungan 3 (tiga) data. Nilai peduli sesama 4 (empat) data. Nilai tanggung jawab 3 (tiga) data. Buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* karya Yan Tohari mengandung nilai-nilai karakter yang sesuai dengan program *Penguatan Pendidikan Karakter* karena itu buku tersebut dapat digunakan sebagai bahan ajar dalam pembelajaran bahasa dan sastra Jawa materi geguritan.

**Kata kunci:** *nilai-nilai karakter, geguritan, heuristic dan hermenutik*



## ABSTRACT

**Eko Wahyudi, 2081100022, Values of Character Education in the Anthology of Geguritan (Javanese poetry) “Mung Aku lan Sliramu” by Yan Tohari as Teaching Material for Javanese Language Learning in Junior High School, Thesis: Postgraduate Program, Widyadharma University Klaten. 2022.**

The purposes of this study are (1) how the values of character education contained in the book anthology “Mung Aku lan Sliramu” by Yan Tohari, (2) whether the book anthology “Mung Aku lan Sliramu” by Yan Tohari can be used as teaching materials in learning Javanese language and literature in junior high school is carried out as shown in the data analysis.

The theoretical basis used is learning the values of character education, understanding geguritan, hermeneutic meaning, and learning Javanese literature.

The method used in this research is a descriptive qualitative research method, namely the activity of observing and analyzing carefully about language phenomena at a certain time which is descriptive. The approach used is a heuristic and hermeneutic reading approach.

The data found in the form of geguritan as many as 45 (fortyfive) titles from 112 titles. The data is then analyzed using hermeneutic meaning, namely giving the meaning of geguritan based on roughly or interpretation. Based on data analysis, it can be concluded that the book anthology “Mung Aku lan Sliramu” is geguritan (Poetry) by Yan Tohari. Contains character values in accordance with the character education strengthening program totaling 18 (eighteen) values. These values are 10 data religious values. Honest value 8 data. Tolerance value of 3 (three) data. Discipline value 4 (four) data. Value of enthusiasm and hard work 4 (four) data. Creative value of 6 (six) data. Independent value of 5 (five) data. Democratic Value 5 (five) data. Curiosity value 3 (three) data. Nationalist value 3 (three) data. Value of love for the homeland 3 (three) data. The value of appreciating the achievement of 4 (four) data. Communication value of 3 (three) data. Peace love value 3 (three) data. Value likes to read 3 (three) data. Environmental care value 3 (three) data. Value of caring for each other 4 (four) data. Value of responsibility 3 (three) data. The geguritan anthology book “Mung Aku lan Sliramu” by Yan Tohari contains character values that are in accordance with the Strengthening Character Education program.

*Keywords: character values, geguritan (Javanese Poetry), heuristic and hermeneutics*

## **BAB I**

### **PURWAKA**

#### **A. Lelarahaning Prakawis**

Piwulangan kabiji dados perkawis ingkang wigati. Piwulangan taksih lumampah kanthi ancas nggayuh kelantipaning pikiran. Bab punika dipunudi sarana paring seserepan sarana ngapalaken sawernaning materi. Pungkasanipun siswa dipunuji mawi soal-soal ujian tulis. Inggil andhaping asil nedahaken lantip lan botenipun siswa.

Siswa mesthinipun dipunasah kanthi tigang perangan kelantipan, inggih punika *kognitif, psikomotorik, lan afektif*. Perangan kelantipaning pikir kedah ngrembaka, perangan kelantipaning kridha kedah tuwuh, lan perangan kelantipaning watak budi pakarti lan solah bawa kedah dados utama (Utari, 2012:1).

Nilai-nilai watak budi pakarti dados kawigatosaning pamarentah, utaminipun Presiden Joko Widodo ingkang ngepyakaken *Gerakan Revolusi Mental* salah satunggalipun ngemot nilai-nilai budi pakarti ing Nawacita.

Muhdjir Effendy (2017) minangka Menteri Pendidikan dan Kebudayaan mratelakaken bilih Presiden Joko Widodo ndadosaken watak budi pakarti minangka ruh utami ing piwulangan. Pratelanipun:

Piwulangan budi pakarti minangka perangan wigatos kangge ndhapuk watak para siswa dados pinunjul. Piwulangan budi pakarti punika dados salah satunggaling sarana kangge mujudaken para mudha utaminipun para siswa nggadhahi kapribaden ingkang sae, satemah saged mbentenaken prakawis ingkang sae lan boten saha ingkang leres lan boten.

Piwulangan budi pakarti mesthinipun kedah dipuntindakaken dening pawiyatan minggahipun dening negari ingkang ngersakaken bangsanipun nggadhahi watak ingkang sae. Sae lan botenipun bangsa boten kabiji saking kathahipun tuk sumber ingkang ngasilaken mas picis raja brana, nanging gumantung saking sae lan botenipun wataki budi pakartinipun bangsa kasebat.

Miterat UU Nomer 20 tahun 2003 ngengingi sistem Pendidikan nasional mratelakaken,

piwulangan punika pambudidaya kanthi sengaja lan dipunrencana kangge mujudaken swasana pasinaon lan lumampahing piwulangan supados para siswa dados greget nggaldhi kuwasisan diri pribadi ingkang nggadhahi kapitayan dhateng Pengeranipun, mulat sarira, kapribaden, lantip, watak ingkang sae, sarta trampil ing mupangati kangge diri pribadi, masarakat, bangsa lan negari.

Piwulangan budi pakarti punika nengenaken babagan kawruh (wawasan nalar), raos (deduga prayoga), sarta patrap (laku). Kabiji menawi tanpa tigang perangan kasebat piwulangan budi pakarti boten bakal lumampah sae. Pramila lampahipun kedah dipunrencana, dipuntata amrih saged nuwuhaken lan ngasilaken kapribaden siswa pinunjul sarta nggadhahi kelantipan nalar lan duga pangrasa.

Pawiyatan dados papan ingkang trep lan utami kagem ndhapuk budi pakarti amargi nggadhahi panggulawenthah tatanan lan piranti ingkang jangkep, kawitan saking pusat duginipun dhaerah.

Pandhapuking budi pakarti bangsa punika kaangkah dipuntindakaken kanthi sengkud lan tumata lumantar *program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK)* ingkang nunggal karsa kaliyan sawetahipun tatanan pamulangan, budaya pasinaon, lan tembayatan dhateng klompok-klompok tartamtu. Kanthi



program punika dipunajab para siswa remen sinau ing sekolah kadosdene ing griya ingkang saged ngraosaken remen lan ayem nyecep kawruh mawarni-warni.

Miterat Suhardi (2017:8) *program Penguatan Pendidikan Karakter (PPK)* nggadhahi ancas:

- 1) Ngrembakaken *platform pendidikan nasional* ingkang ndunungaken makna lan nilai budi pakarti minangka jiwa utawi panjurung kagem pamong pawiyatan.
- 2) Mangun lan paring sangu dhateng generasi emas Indonesia 2045 ngadhepi mobah mosiking jaman kanthi kuwasisan ing abad 21.
- 3) Ngonduraken piwulangan budi pakarti minangka ruh lan pandoming piwulangan lumantar slaras olah manah (unggah-ungguh lan kapitayan), olah rasa (tata krama), olah pikir (maca lan petung), olah raga (tandang gawe).
- 4) Nguri-uri lan ngrembakakaken kapitayan para-para ingkang nggulawenthah pawiyatan (kepala sekolah, pengawas, lan komite sekolah) kagem nyengkuyung lampahing piwulangan budi pakarti.
- 5) Mangun tembayatan anggenipun ngerigaken masyarakat minangka tuk-sumbering piwulangan ing lebet lan sawawining pawiyatan.
- 6) Nglestantunaken budaya lan jati diri bangsa Indonesia saprelu nyengkuyung *Gerakan Nasional Revolusi Mental (GNRM)*.

Karangan sastra mujudaken gegambaraning gesang bebrayan agung masarakat. Karangan sastra nggadhahi sipat-sipat ingkang lestari kanthi

ngemot bab-bab kautaman ingkang tansah ajeg wonten sadangunipun manungsa punika ugi wonten.

Abrams salebeting Endraswara (2003:18-19) ngandharaken:

Karangan sastra dipunsamektakaken minangka kanyataning gesang ingkang karacik mawa trap-trapan tartamtu (*struktur*), nengsemaken, sarta ngginakaken sarana basa wujudipun karangan (*teks*) ingkang dipunracik kanthi lelimbangan pengalamaning gesang, wawasan, sarta kinarya mujud kanthi maneka rupa minangka pangejawantahing gesang.

Karangan sastra mujudaken karangan pangetraping basa asipat endah. Basa punika mujudaken perangan kabudayan kasiling pamikiranipun manungsa, mila karangan sastra punika rumaket kaliyan budaya. Budaya mijil saking akal pamikiran manungsa sae secara pribadi punapa dene klompok masarakat ingkang tansah tuwuh ngrembaka ing bebrayan.

Ancasipun manungssa nyipta tatanan pagesangan boten sanes damel endahing gesang ing bebrayan agung ing antawispun sesami lan manungsa kaliyan alam padununganipun. Karangan sastra mujud minangka tilasing tulis prasasti gesang ingkang mbabar nilai-nilai kamulyaning gesang, ingkang tansah lumampah slaras kaliyan tatanan ingkang tuwuh lan ngrembaka.

Karangan sastra mangun wawasan wontenipun beda-bedanipun kabudayan ingkang mbetahaken tanggul jawab soksintena supados saged ngajeni lan nampi kanyatan bab ingkang beda. Nilai-nilai ingkang mekaten ingkang dipuntnadhesaken lan dipunrembakaken dening bangsa ingkang nggadhahi watak ngugemi sawernaning tatanan. Bab punika ingkang samangke dipungegulang ing pawiyatan lan piwulangan budi pakarti.

Piwulangan sastra miterat Cahyono (2015:4) mujudaken perangan nawijining piwulangan basa. Liripun piwulangan sastra punika munjer ing pangertosan, mahanani, lan ngresepi karangan sastra kasebat.

Prinsip ingkang kedah dipungatosaken bilih apesiasi sastra:

1. Kangge ngindhakaken raos tanggaping sasmita tumrap budaya bangsa
2. Paring kabungahan lahir batin awit pamulanganing ketrampilan basa
3. Piwulanganipun sanes wujud sejarah sastra, aliran, lan teyori sastra
4. Piwulangan sastra sarana kangge mahanani wosing kamanungsan

Piwulangan budi pakarti miterat (Ilahi, salebeting Supriyono, 2018:121) sasaged-saged lelandhesan saking warisan kabudayan ingkang sampun dados pandom pandhapuking nilai-nilai luhur watakipun manungsa ingkang nggadhahi lan ngugemi tatanan.

Geguritan mujudaken salah satunggaling karangan sastra Jawa ingkang medhar nilai-nilai gesang bebrayan ingkang nggadhahi makna manjila. Geguritan saged dipundadosaken sarana panggulawenthahing budi pakarti siswa kanthi mahanani makna ingkang kinandhut salebeting gurit (Supriyono, 2018:121).

Geguritan mliginipun lan karangan sastra limrahipun kaanggit kanthi kasiling manekung lan methik sakathahing prastawa gesanging manungsa lan laladan panggenanipun gurit punika kaanggit. Lampah-lampahing methik prastawa punika kapirid mujud dados karangan sastra lajeng tuwuh lan mijil wujud budi pakartining gesang.



Geguritan *Mung Aku lan Sliramu* (MAIS) anggitan Yan Tohari (YT) mujudaken buku *antologi* ingkang kababar tahun 2020. Irah-irahan buku guritan punika kapendhet saking judhul gurit ingkang nate kapacak ing kalawarti *Djaka Lodang* Yogyakarta wedalan 1 Agustus 2009. Wonten buku *antologi* gegeuritan kasebat ngemot 112 gurit iangkang dipunanggit YT kawitan tahun 1989 duginipun 2012.

Yan Tohari (YT), mijil ing tlatah Klaten, 23 Mei 1969 kanthi asma asli Sriyana. Miwiti sinau nyerat gurit lan sastra Jawa wiwit lulus SPG (1989). Tahun 1992 ndherek *Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta* (SSJY). Sawetawis karanganipun wujud antologi geguritan ingkang dipunserat sesarengan kaliyan anggota SSJY inggih punika *Rembulan Padhang ing Ngayogyakarta* (1992), *Kaca Pengilon* (1994), *Pesta Emas* (1995), *Rembuyung* (1997), *Pisungsung* (1997), *Bandha Pusaka* (2001), *Senthong* (2008), *Sesotya Prabangkara ing Langit Ngayogya* (2014), *Antologi Geguritan 200 Gurit Modheren Saking 3 Propinsi, Ing Sawijining Wektu Mengko* (2019).

Anggitanipun wujud gurit lan artikel asring kabiwarakaken ing ariwarti lan kalawarti kadosta *Kedaulatan Rakyat*, *Bernas*, *Suara Merdeka*, *Surabaya Post*, *Solopos*, *Jawa Anyar*, *Damarjati*, *Pagagan*, *Sempulur*, *Jaya Baya*, *Panjebar Semangat*, *Djaka Lodang*, *Mekarsari*, *Swaratama* lan sanes-sanesipun.

Buku kasebat temtu boten ngemot sedaya gurit ingkang sampun kaanggit lan kapacak ing kalawarti, nanging mligi gurit ingkang nelakaken raos

tresnanipun dhateng basa lan budaya Jawa. Bab punika saged kapanggihaken ing pratelanipun pengarang kados ing ngandhap punika:

*Antologi iki sayekti dadi bukti rasa kapang, tresna, gandrung, kasengsem lan sapiturute mring edi adining tembungtembung Jawa kang kuwawa rinacik ing tembang apadene gurit (Tohari, 2020:vii)*

Salah satunggaling *pendekatan* ingkang dipunginakaken kangge mbabar nilai-nilai budi pakarti salebeting karya sastra, inggih punika dipunanalisis makna semiotik kanthi maos secara heuristik lan hermenutik.

Slaras kaliyan pamanggihipun (Ilahi, salebeting Supriyono, 2018:121) mila gurit-gurit ingkang dipunanggit Yan Tohari ugi lelandhesan katresnanipun basa lan kabudayan Jawi, trep kaliyan papan dunungipun gurit lan pengarang dipunlairaken.

Saking punika paniti kasengsem dhateng geguritan punika kaangkah dados dhata panaliten kangge mbuktekaken bilih gurit-gurit Yan Tohari saged dados sarana pwiulangan lan panggulaentaing budi pakarti para siswa ing pawiyatan, mliginipun ing tataran SMP.

## **B. Idhentitasing Prakawis**

Idhentitasing prakawis ingkang dados punjering panaliten inggih punika nilai-nilai piwulangan budi pakarti salebeting buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari kinarya bahan ajar pasinaon basa Jawi tumrap siswa tataran SMP.

Saperangan prakawis ingkang dipunjlimeti inggih punika:

1. Nilai-nilai piwulangan karakter wonten pawiyatan mliginipun ing piwulangan basa Jawi dereng kaparingaken kanthi trewaca
2. Karangan sastra Jawi mliginipun geguritan boten sedaya ngemot nilai-nilai budi pakarti, pramila kedah kapilah lan kapilih ingkang saestu trep.
3. Geguritan ingkang kapilah lan kapilih minangka sarana pasinaon dereng temtu saged ndayani lan nunjemaken pandhapuking watak lan budi pakarti
4. Anggitan Yan Tohari wujud geguritan kapilih jalaran kathah ngemot nilai-nilai budi pakarti ingkang saged nengenaken lan ngiyataken pandhapuking watak budi pakarti siswa.
5. Geguritan-geguritaan anggitan Yan Tohari ingkang kaimpun dados buku antologi geguritan kanthi irah-irahan *Mung Aku lan Sliramu* sangertos paniti dereng nate kaginakaken minangka sarana bahan ajar piwulangan basa Jawi tataran SMP utaminipun kangge nengenaken nilai-nilai budi pakarti siswa.

### C. Rumusaning Prakawis

Leladhesan lelarahaning prakawis ing nginggil saged dipundudut prakawising panaliten inggih punika:

1. Kados pundi nilai-nilai piwulangan budi pakarti ingkang wonten salebting buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari?
2. Punapa buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari saged dipunginakaken minangka bahan ajar pasinaon basa Jawi tumrap siswa tataran SMP?

#### **D. Ancas Tujuwaning Panaliten**

Ancas tujuwaning panaliten ingkang kagayuh inggih punika:

1. Mangertosi nilai-nilai budi pakarti ingkang wonten salebeting buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari.
2. Mangertosi slarasipun buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari kinarya minangka bahan ajar pasinaon sastra Jawi tumrap siswa tataran SMP.

#### **E. Mupangating Panaliten**

Panaliten punika kaajab saged paring mupangat arupi:

1. Mupangating teyori utawi kawruh  
 Secara teyori panaliten punika saged paring tambahan seserepan babagan piwulangan sastra Jawa, mliginipun babagan nilai-nilai budi pakarti salebeting karangan sastra geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari.
2. Mupangating guna laksana  
 Babagan guna laksana panaliten punika saged paring mupangat kangge paniti, kangge guru, lan kangge para siswa.
  - a. Kangge paniti, panaliten punika saged dados sumbang surung nemtokaken model lan bahan ajar piwulangan sastra Jawi geguritan kangge tataran SMP.

- b. Kangge para guru, asiling panaliten punika saged dados wacana anggenipun milah lan milih bahan pasinaon sastra Jawi, mliginipun geguritan.
- c. Kangge para siswa saged paring tambahan seserepan babagan metode ingkang dipunginakaken kangge mahanani nilai-nilai budi pakarti salebeting karangan sastra geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari.

## BAB V

### PANUTUP

#### A. Dudutan

Saking asiling panaliten lan pangoncekipun dhata dipunpendhet dudutan:

1. Saking asiling panaliten, buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari, ngandhut nilai-nilai budi pakarti ingkang slaras kaliyan *Program Penguatan Pendidikan Karakter*.

Nilai-nilai budi pakarti ingkang dipunkajengaken ndherek dhata saking Kemdikbud ingkang ngemot 18 (wolulas) nilai budi pakarti. Buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari dipunpangguhaken dhata nilai-nilai budi pakarti cacahipun 45 (sekawandasa gangsa) judhul. Dhata Nilai religius wonten 10 dhata. Nilai jujur wonten 8 (wolu) dhata. Nilai tepa slira wonten 3 (tiga) dhata. Nilai mituhu dhawuh (*disiplin*) wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai greged lan sengkud tandang kridha wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai mekar ngulir budi wonten 6 (nem) dhata. Nilai mandhireng pribadi wonten 5 (gangsal) dhata. Nilai tarbuka nalar lan kridha (*Demokratis*) wonten 5 (gangsal) dhata. Nilai raos kepingin mangertosi samukawis wonten 3 (tiga) dhata. Nilai nasionalis wonten 3 (tiga) dhata. Nilai tresna tanah wutah getih wonten 3 (tiga) dhata. Nilai ngajeni prestasi wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai tanggaping sasmita wonten 3 (tiga) dhata. Nilai remen lan tresna katentreman wonten 3 (tiga) dhata. Nilai remen maos



wonten 3 (tiga) dhata. Nilai preduli dhateng lingkungan wonten 3 (tiga) dhata. Nilai preduli dhateng sesami wonten 4 (sekawan) dhata. Nilai tanggel jawab wonten 3 (tiga) dhata.

Nilai-nilai budi pakarti saged dipunringkes dados 5 (gangsals perangan) slaras kaliyan ewah-ewahan ingkang dipunkepyakaken Pamarentah lumantar Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan gayutanipun penguatan Pendidikan karakter, inggih punika religius, jiwa nasionalis, madhireng pribadi, *integritas*, lan gotong royong.

2. Saking asiling pangoncekipun dhata nedahaken bilih buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari saged dipunginakaken minangka bahan ajar piwulangan basa lan sastra Jawa, mliginipun ing *Kompetensi Dasar 3.1 Memahami geguritan lan Kompetensi Dasar 4.1 Menulis dan membaca* Geguritan kangge kelas IX. Bab punika ugi adhedhasar asiling wawanrembag kaliyan guru basa Jawi lan saperangan siswa kelas IX. Saking asiling wawanrembag dhateng guru lan para siswa geguritan salebeting buku antologi *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari paniti saged mendhet dudutan bilih buku punika trep lan saged dipunginakaken kangge bahan ajar pasinaon gurit ing tataran SMP.

## **B. Implikasi**

Adhedhasar dudutan ing nginggil saged kaserataken implikasinipun inggih punika:

1. Teoritis

Pamilihing modhel pamaosing geguritan *heuristik* lan *hermeneutik* nemtokaken makna geguritan. Kalebet nemtokaken wedharan babagan mangun watak budi pakarti ingkang nyengkuyung *Program Penguatan Pendidikan Karakter* (PPK). Kangge mangertosi wosing setunggal buku antologi geguritan ingkang sewaupun kaanggep angel lan boten kagayuh, kanthi milih modhel pamaosipun ingkaang trep mila saged kaudhari.

## 2. Praktis

Asiling panaliten buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari saged dipunginakaken para dwija kagem salah satunggaling bahan ajar piwulangan geguritan. Mliginipun kangge mbabar piwulang watak budi pakarti salebeting karya sastra geguritan.

Sadangunipun punika bahan ajar materi geguritan taksih winates ingkang wonten buku ajar, mila cacahipun ugi winates. Kanthi ngginakaken buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari punika saged kabiji njembaraken kawruh utawi wawasan para guru lan siswa bilih sastra Jawa mliginipun geguritan dumugi dinten punika taksih kaserat dening para pengarang.

## C. Saran

Adhedhassar asiling panaliten saha pangoncekipun dhata, paniti atur pamrayogi:

1. Kagem para paniti sanes, bilih buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari tarbuka katliti malih ing babagan stilistika

punapadene semiotika, satemah saged njangkepi dhata pangoncekipun buku geguritan punika.

2. Kagem para guru, saged ngginakaken buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari punika kangge salah satunggaling bahan ajar, awit winatesipun waosan lan seserapaning siswa mligipun babagan geguritan.
3. Kangge para siswa, amrih remen maos geguritan ingkang kaserat ing wekdal-wekdal punika lan samangkeh minangka ngrembakakaken wawasanipun babagan basa lan sastra Jawa, satemah saged mangertosi tembung-tembung sinandhi ing sastra Jawa. Salah satunggalipun inggu buku buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari punika.
4. Pamengku Pendidikan, supados paring kalodhangan salangkung wiyar *babagan pembinaan dan pengembangan* basa lan sastra Jawa, mliginipun ngadani bimbingan teknis babagan medhar piwulang lumantar buku antologi geguritan *Mung Aku lan Sliramu* anggitan Yan Tohari.

## KAPUSTAKAN

- Abdurrahman, Dudung. 2011. *Metodologi Penelitian Sejarah Islam*. Yogyakarta: Penerbit Ombak
- Aiz, Fahrudi. 2003. *Hermeneutika Al-Quran*. Yogyakarta: Qolam
- Aminudin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Andayani. 2004. *Pendekatan Abrams dalam Pengajaran Sastra*. Materi Kuliah Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra. Surakarta: UNS Press
- Arbi, Muhammad. 2019. “*Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Dalam Kumpulan Cerita Pendek Bidadari Meniti Pelangi Karya S. Prasetyo Utomo dan Kelayakannya Sebagai Bahan Ajar di SMA Kelas XI*”. Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang.
- Badan Penelitian dan Pengembangan Riset Kurikulum 2009. *Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa*. Jakarta: Kementerian Pendidikan Nasional
- Damayanti, Rini. 2018. Nasionalisme dalam Puisi-Puisi Indonesia Pascareformasi. Universitas Wijaya Kusuma Surabaya *INOVASI*, Volume XX, Nomor 2, Juli 2018
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Sanggar Sastra*. Ramadhan Press: Yogyakarta.
- Ferry Ardianto. Muatan Nasionalisme Puisi Karya Sastrawan Indonesia sebagai Pendidikan Karakter di Era Globalisasi *Jurnal Kajian Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya* Vol 2, Nomor 1 Mei 2019, Halaman 31-45 *Jurnal Online FONEMA*
- Hadi, Dwi Winanto. 2017. *Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Analisis Sikap Toleransi di Indonesia dan Faktor-Faktornya Disusun oleh: Bidang Pendayagunaan dan Pelayanan*. Jakarta: Pusat Data dan Statistik Pendidikan dan Kebudayaan, Kemendikbud
- Hasanuddin WS. (2002). *Membaca dan Menilai Sajak*. Bandung: Angkasa.
- Hidayah, Lathifah Nurul. 2022. Nilai Karakter Nasionalis dan Gotong Royong dalam Novel Guru Aini Karya Andrea Hirata. *DIGLOSIA* Jurnal Kajian Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya. Volume 51 Nomor 21 Tahun 2022 1 Halaman 473-488

<https://kbbi.kemdikbud.go.id>

<https://www.kemdikbud.go.id/main/blog/2017/07/penguatan-pendidikan-karakter-jadi-pintu-masuk-pembenahan-pendidikan-nasional>

Husniah, Furoidatul. 2015. Aspek Religius dalam Kumpulan Puisi “Kupeluk Kau di Ujung Ufuk” Karya Akhmad Taufiq dan Pemanfaatannya Sebagai Alternatif Materi Pembelajaran Sastra di SMP. *JURNAL EDUKASI* 2015, II (3): 5-11

Ilahi, Mohammad Takdir. (2014). *Gagalnya Pendidikan Karakter*. Yogyakarta: Ar-Ruz Media.

Inderawati, Rita. 2012. “The Development of Literary Appreciation Instrument in Building Students Character”. *Sino English Teaching*. ISSN 1539-8072. February 2012. Vol. 9 No. 2. 937-945

Jabrohim, ed, 1994, *Teori Penelitian Sastra*, Yogyakarta: Masyarakat Poetika Indonesia IKIP Muhammadiyah Yogyakarta

Koch, Janice and Brooke Feingold. Engineering a Poem: An Action Research Study. *Journal of Technology Education* Vol. 18 No. 1, Fall 2006

Koesoemo, Doni. 2010. *Pendidikan Karakter: Strategi Mendidik Anak di Zaman Global*. Jakarta: Grasindo.

Megawangi, Ratna. 2004. *Pendidikan Karakter Solusi Yang Tepat Untuk Membangun Bangsa*. Jakarta: Indonesia Heritage Foundation.

Miles, M. B., Huberman, A. M., & Saldaña, J. 2014. *Qualitative data analysis: A methods sourcebook*. 3rd. Thousand Oaks, CA: Sage.

Mitrakasih, La Ode Onde. 2020. Integrasi Penguatan Pendidikan Karakter (Ppk) Era 4.0 Pada Pembelajaran Berbasis Tematik Integratif Di Sekolah Dasar. *Jurnal Basicedu* Volume 4 Nomor 2 April 2020 Hal.268-279

Ni'mah, Evayatun. Pandangan Nasionalisme Dalam Puisi Maḥmūd Darwisy Dan Rendra Dalam Analisis Sastra Banding. *An Nas: Jurnal Humaniora*. Volume 2, Nomor 1, Februari 2017.

Niyarci. 2022. Analisis Nilai-Nilai Karakter dalam Novel Anak “Mata dan Manusia Laut” Karya Okky Madasari. Semarang: *tintaemas* e-ISSN: 2830-005X Volume 1 Nomor 1 Mei 2022. *Jurnal Pendidikan Islam Anak Usia Dini*.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

- Nurhasanah, Een. 2022. Nilai Karakter Mandiri Tokoh Dalam Novel Sepasang Angsa Putih Untuk Palupi: Sebuah Pendekatan Pragmatik Sastra. *Jurnal Educatio FKIP UNMA Jurnal Educatio* ISSN: 2459-9522 (Print), 2548-6756 (Online) Vol. 8, No. 1, 2022, pp. 209-218
- Laura Andri R.M., Religiusitas dalam Kumpulan Puisi Rekah Lembah Karya Mudji Sutrisno. *NUSA*, Vol. 14 No. 2 Mei 2019.
- Palmer, Richard. 2005. *Hermeneutika Teori Baru Mengenal Interpretasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Raharjo, Sabar Budi. Pendidikan Karakter Sebagai Upaya Menciptakan Akhlak Mulia. *Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*, Vol. 16, Nomor 3, Mei 2010: 229 – 238
- Ratih, Rina. 2016. *Teori dan Aplikasi Semiotik Michael Riffaterre*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Ssiologi Sastra*. Yogyakarta: Pusataka Pelajar
- Saldana, & Huberman. M. 2014. *Qualitative Data Analysis*. America: SAGE Publications.
- Saddhono, Kundharu. 2018. Nilai Pendidikan Karakter Sajak “Bulan Ruwah” Karya Subagio Sastrowardoyo dalam Pembelajaran Sastra. *Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*, Vol. 8 No. 2, Mei 2018: 120-131
- Sugiyono. 2017. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung. Alfabeta.
- Suhardi, Didik. 2017. *Penguatan Pendidikan Karakter*. Jakarta: Kemdikbud
- Supriyono, Sugeng. Nilai Pendidikan Karakter Sajak “Bulan Ruwah” Karya Subagio Sastrowardoyo dalam Pembelajaran Sastra. *Scholaria: Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*. Vol. 8 No. 2, Mei 2018: 120-131
- Syamsudin, Helius. 2012. *Metodologi Sejarah*. Yogyakarta: Penerbit Ombak
- Tohari, Yan. 2020. *Mung Aku lan Sliramu, Antologi Geguritan*. Surabaya: Kanaka
- Undang-Undang Nomor 20 Tahun 2003 tentang Sistem Pendidikan Nasional